



boston planning &  
development agency

Atelye Atik 80

# Feyè Estasyon

Ene Nou **Konstwi Boston Pi  
Byen** epi **Amelyore Pwosesis  
Devlopman Nou An**



# Lis Kontni yo

## **Rezime Egzekitif**

*paj 2*

Aprann poukisa ak fason n ap amelyore pwosesis revizyon devlopman Atik 80 an.

## **Katografi Evènman Ak Plan Dewoulman**

*paj 4*

Planifye ak maksimize tan w nan atelye a jodi a.

## **Estasyon 1 | Angajman Efikas**

*paj 5*

### ***Ekip Konsiltatif Kominotè yo***

Li konsènan lide nou pou fè mizajou nan gwoup manm kominote a ki bay konsèy sou pwojè devlopman yo.

## **Estasyon 2 | Angajman Efikas**

*paj 7*

### ***Pwopozisyon pou Angajman Bonè***

Li konsènan plis opsyon pou asire manm kominote yo aprann epi pataje fidbak sou pwojè devlopman yo.

## **Estasyon 3 | Estanda ki Konsistan**

*paj 8*

Li konsènan definisyon klè yo, direktiv ak kategori ofisyèl yo pou limitasyon domaj ak avantaj kominotè yo.

## **Estasyon 4 | Revizyon Kowòdone**

*paj 10*

Li konsènan pwopozisyon nou an pou kreye yon pwosesis apwobasyon transparan ak kowòdone.

## **Paj Sondaj yo**

*paj 11*

Ranpli chak sondaj epi mete l nan bwat koleksyon an nan estasyon ki koresponn lan.



# Rezime Egzekitif

## Pwoblèm nan

Revizyon devlopman nan Boston aktyèlman se yon pwosis ki long, ki pa klè, epi enprevizib, ki, lè li makònen ak yon lwa dekoupaj zòn ki pase mòd, fè li pi difisil pou devlope Vil nou an.

## Solisyon ki Pwopoze a

Nou ap konstwi Boston pi byen atravè **two chanjman prensipal**:

**Angajman Efikas**

**Estanda ki Konsistan**

**Revizyon Kowòdone**

## Kalandriye Pwojè a

Pwojè a kòmanse

**Jiyè 2023**

## Ekout ak Aprantisaj

**Faz 1 ak 2 te konsantre sou idantifye pwoblèm yo, tandè lide yo, ak priorize pwochen etap yo. Nou te fè sa atravè:**

- Plis pase 2600 repons sondaj (nan 4 sondaj)
- Plis pase 50 gwoup diskisyon (manm IAG, devlopè yo, enstitisyon yo, travayè, anplwaye vil la, defansè yo, gwoup sivik yo)
- 2 reyinyon piblik (an pèsòn ak sou Zoom)





# Ki direksyon pwojè a ap pran

**Avril 2024**



**Jiyè 2024**

## Plan Aksyon

Plan Aksyon an pral pran konsansis ki te jwenn nan premye faz angajman ak rechèch yo. Li pral angaje nou pou kontinye analiz, rechèch, ak plis angajman kominotè ki gen rapò ak twa chanjman prensipal yo.


Plan Aksyon an pral fè lis chanjman ki nesèsè pou aplike amelyorasyon bonè, tankou dekoupaj zòn ak règleman.

***Ki fason yo pral enkòpore fidbak ki soti nan atelye jodi a nan Plan Aksyon an?***

Fidbak ou pataje jodi a pral melanje avèk sa nou tande pandan lòt atelye travay yo ak sondaj sou entènèt nou an. Nou pral pataje rezilta sa yo piblikman nan yon Rapò Angajman. Konsèy ou bay yo pral eklèsi sa ki enkli nan Plan Aksyon an


**Ete 2024 - Ivè 2025**

## Pwoche Etap yo



# Katografi Evènman

## ANTRE



## Detay sou Atelye Travay

Atelye travay la dire de zèdtan e li gen kat estasyon pou pèmèt ou aprann epi pataje lide epi fidbak ou avèk anplwaye Vil la.

Si ou vle asire w ke ou gen ase tan pou vizite tout estasyon yo, planifye pou pase 20 minit nan chak estasyon. Nou pral fè anons pandan tout atelye a pou fè w sonje.

# Estasyon 1

## Angajman Efikas

### Rezon pou Chanjman



Nou te tande nan angajman nou an...

- **Gwoup Konsiltatif Enpak yo pa transparan** epi yo pa reflekte kominote a anjeneral


### Pwopozisyon pou nouvo Ekip Konsiltatif Kominotè

Yon Ekip Konsiltatif Kominotè se yon lide pou yon nouvo konsèy konsiltatif ki ta ka travay dirèkteman ak Vil la pou bay ekspètiz nan kominote a.

### Karakteristik Ekip Konsiltatif Kominotè a

- Manm yo pral resevwa fòmasyon sou planifikasyon ak devlopman
- Reyinyon yo pral genyen manje, gadri, ak yon alokasyon
- Manm yo sèvi pandan yon manda fiks (avèk limit manda), ak orè reyinyon regilye
- Etabli règ, responsablite, ak mezi responsablite byen klè pou manm yo -- ki gen ladan pa dwe gen konfli enterè

### Ki jan yon Ekip Konsiltatif Kominotè ka fòme?





### *Kisa yon Ekip Revizyon Kominotè ka fè?*

- 1 Revize rezilta angajman komitè devlopè yo dirije

---

- 2 Priyore avantaj kominote yo pou pwojè yo -baze sou dènye plan yo, evalyasyon bezwen yo, ak rezilta angajman kominotè yo

---

- 3 Sèvi ak eksperyans veki pou ede Vil la konprann epi aplike fidbak kominote a

---

### *Ki jan yon Ekip Konsiltatif Kominotè ka diferan de estrikti konsiltatif aktyèl la, Gwoup Konsiltatif Enpak?*

	<b>Ekip Konsiltatif Kominotè</b>	<b>Gwoup Konsiltatif Enpak (IAG)</b>
<b>Objektif</b>	Revize yon gwoup pwojè nan yon domèn	Revize pwojè endividyèl yo
<b>Preparasyon</b>	Fòmasyon pou devlope yon gwo baz ekspè sitwayen an patenarya avèk CBOs	Pa gen fòmasyon
<b>Sipò</b>	Anplwaye devwe sipòte ekip yo pou rasanble epi fasilite diskisyon	Manadjè Pwojè yo jere IAG a kòm yon pati nan wòl yo
<b>Estanda yo</b>	Wòl revizyon klè ak ranfòse, kòd konduit, ak règleman nan kesyon konfli enterè	Wòl ki pa klè, enkonsistans nan respekte atant ak règleman yo



# Estasyon 2

## Angajman Efikas

### Rezon pou Chanjman



'Pa gen ase tan' se pi gwo baryè ki anpeche patisipasyon

Nou te tande nan angajman nou an...

- Anpil moun vle patisipe men yo **rankontre baryè** pou patisipe nan metòd angajman tradisyonèl yo
- **Reyinyon yo pa aksesib** pou anpil rezon, tankou lè, konsyantizasyon, ak aksè sou entènèt

## Pwopozisyon pou Angajman Bonè

### Kisa nou vle di, lè n di "angajman bonè"?



Angajman bonè obligatwa ak estanda ki fèt kòm yon pati nan premye etap pwosesis revizyon devlopman an, ki gen ladan yon konbinezon metòd enprime, sou entènèt ak an pèsòn.

Devlopè yo pral dirije angajman sa a epi Vil la ap bay direktiv ak estanda yo.

### Ki kèk egzanp angajman bonè?



## Estasyon 2

# Estanda ki Konsistan

### Rezon pou Chanjman



Pwosesis aktyèl la manke establi

Nou te tande nan angajman nou an...

- Vil la ta dwe adopte yon **apwòch ki pi estanda** pou limitasyon domaj ak avantaj kominote a

## Pwopozisyon pou Nòmalizasyon Limitasyon Domaj ak Avantaj Kominotè

**Nouvo Definisyon** pou avantaj kominotè yo, limitasyon domaj, ak pèmèt enfastrikti

**Mete règleman ki baze sou fòmil klè** pou transpò, enfastrikti, espas ouvè, ak anti-deplasman

**Kreye kategori nouvo ak konsistan** pou avantaj kominotè yo pou asire aliyman ak planifikasyon ak bezwen kominote a

**Fikse Limit** pou avantaj kominotè yo sou baz yon fòmil piblik

### *Ki jan n ap panse sou redefini limitasyon domaj ak avantaj kominotè yo?*

#### Limitasyon Domaj



Ki jan yon pwojè pral rekonstitye kantite ak kalite byen ak sèvis piblik ke yon pwojè itilize oswa afekte negativman

*Pa egzanp: si nouvo bilding lan gen yon restoran, elaji lajè twotwa a pou akomode lòt moun.*

#### Avantaj Kominotè yo



Kontribisyon yon devlopè pou amelyore byen ak sèvis piblik yo

*Pa egzanp: mete estidyo pèfòmans nan yon nouvo bilding pou sipòte kominote atistik lokal la*

#### Pèmèt Enfastrikti




Enfastrikti ki nesèsè pou yon pwojè reyalize, tankou konfòmite ak Lwa sou Ameriken ki Andikape yo (ADA) oswa estanda Vil la

*Pa egzanp: si yon devlopè bezwen fouye yon twotwa pou konstwi pwojè li, konstui ranp aksesib nan pwen antre yo.*



# Opsyon Kategori ki Pwopoze yo

## Kategori Limitasyon Domaj yo



## Kategori Avantaj Kominotè yo





# Estasyon 4

## Revizyon Kowòdone

### Pwopozisyon Nouvo Pwosesis

Objektif la se kreye etap transparan ak atant klè ki koresponn ak pwosesis konsepsyon pwojè a.

KÒMANSE

#### Demann nouvo pwojè



**Egzanp kontni ki depoze yo:** kondisyon ki egziste sou sit la, revize zonaj, ak konfime plan angajman



Devlopè yo dirije premye aktivite angajman yo  
(Pano sou sit, sondaj sou entènèt, vizit gide sou sit, elatriye)

#### Etap 1 (faz konsèp)



**Egzanp kontni ki depoze yo:** plan sit, wotè, itilizasyon (rezidansyèl, komèsyal, elatriye) ak pwopòsyon pakin

Gwosè pakè limitasyon domaj la detèmine dapre yon fòmil



Sondaj piblik ak opòtinite pou fidbak  
Ekip Konsiltatif Kominotè a fè premye reyinyon  
Atelye piblik 1

#### Etap 2 (Faz chematik)



**Egzanp kontni ki depoze yo:** rann konsepsyon sit la, plan etaj yo, achitekti payizaj, analiz transpò, analiz anvivònmantal

Yo konfime limitasyon domaj ak alokasyon avantaj kominotè yo



Sondaj piblik ak opòtinite pou fidbak  
Ekip Konsiltatif Kominotè a fè dezyèm reyinyon  
Atelye piblik 2

#### Konsèy Administrasyon BPDA



Odyans piblik Konsèy Administrasyon BPDA, si aplikab

#### Devlopman konsepsyon



Respekte limitasyon domaj ak avantaj kominotè yo

#### Desen Konstriksyon yo



Respekte konsepsyon ak limitasyon domaj

# Estasyon 1

## Ekip Konsiltatif Kominotè yo

Nou apresye patisipasyon w nan atelye sa a. Tanpri kite fidbak ou sou evènman an pou nou ak fason nou revize pwopozisyon devlopman yo. **Aprè w fin ranpli sondaj la, depoze l nan bwat koleksyon an nan estasyon ki koresponn lan.**

*Fòmilè sa a gen ladan kèk kesyon demografik ki opsyonèl. Li pa obligatwa pou konplete kesyon sa yo. Vil Boston pran angajman pou ekite ak enklizyon, epi enfòmasyon demografik ou bay yo pral ede asire ke nou rive jwenn diferan moun k ap viv nan kominote nou an.*

Kòd postal \_\_\_\_\_ Laj \_\_\_\_\_ Sèks \_\_\_\_\_

### Ras / Etnisite

- Asyatik
- Nwa oswa Afriken Ameriken
- Blan
- Espanyòl oswa Latino
- Plizy ras oswa ras melanje (Presize pi ba a anba "lòt")
- Ameriken natif natal oswa natif natal Alaska
- Natifnatal Awayi oswa Moun zile Pasifik
- Lòt

### Sitiyasyon Lojman

- Posede kay mwen an
- Lwe kay mwen an
- Ap viv ak fanmi oswa zanmi
- Lojman etidyan
- Sanzabri
- Prefere pa di

Nou ap reflechi sou fason nou fè mizajou nan gwoup manm kominote yo ki ede bay konsèy ak bay opinyon sou pwojè devlopman yo.

### 1. Ki kalite fòmasyon k ap itil pou manm kominote k ap patisipe nan gwoup sa a? Chwazi tout epi ajoute nan bwat anba kategori adisyonèl yo.

- Sivik 101: kisa depatman vil yo fè ak ki jan yo kolabore
- Devlopman 101: ki jan devlopman an fonksyone
- Konsepsyon ak planifikasyon nan vil
- Operasyon ak finans minisipal
- Finansman devlopman
- Lòt: \_\_\_\_\_

### 2. Ki kategori ki ta dwe enkli pandan n ap konpoze nouvo Ekip Konsiltatif Kominotè a?

- Laj (Egzanp: mwens ke 35, 35-50, plis pase 50)
- Sitiyasyon Lojman (Egzanp: lokatè, pwopriyetè kay)
- Afilyasyon (Egzanp: elèv, rezidan, travayè, vizitè)
- Demografik (Egzanp: ras, etnisite, lang, andikap, sèks)
- Kantite Tan (Moun ki nan katye a depi 0-5 ane, 5-10 ane, 10 ane ak plis)
- Ekspètiz (gade kesyon ki pi ba a)
- Lòt: \_\_\_\_\_

# Estasyon 1

## Ekip Konsiltatif Kominotè yo

Nou apresye patisipasyon w nan atelye sa a. Tanpri kite fidbak ou sou evènman an pou nou ak fason nou revize pwopozisyon devlopman yo. **Aprè w fin ranpli sondaj la, depoze l nan bwat koleksyon an nan estasyon ki koresponn lan.**

*Fòmilè sa a gen ladan kèk kesyon demografik ki opsyonèl. Li pa obligatwa pou konplete kesyon sa yo. Vil Boston pran angajman pou ekite ak enklizyon, epi enfòmasyon demografik ou bay yo pral ede asire ke nou rive jwenn diferan moun k ap viv nan kominote nou an.*

### 3. Ki kalite ekspètiz ki t ap pi itil pou genyen nan nouvo gwoup sa yo?

- Rezidan
- Pwopriyetè biznis yo
- Pwofesyonèl konsepsyon ak planifikasyon byen imobilye
- Lidè ak/oswa manm gwoup sivik yo
- Defansè (anviwònman, lojman, transpò)
- Lòt: \_\_\_\_\_

### 4. Konbyen tan manda Ekip Konsiltatif Kominotè yo ta dwe dire?

- 6 mwa
- 1 ane
- 1,5 ane
- 2 ane
- Lòt: \_\_\_\_\_

## Estasyon 2

### Pwopozisyon pou Angajman Bonè

Nou apresye patisipasyon w nan atelye sa a. Tanpri kite fidbak ou sou evènman an pou nou ak fason nou revize pwopozisyon devlopman yo. **Aprè w fin ranpli sondaj la, depoze l nan bwat koleksyon an nan estasyon ki koresponn lan.**

Fòmilè sa a gen ladan kèk kesyon demografik ki opsyonèl. Li pa obligatwa pou konplete kesyon sa yo. Vil Boston pran angajman pou ekite ak enklizyon, epi enfòmasyon demografik ou bay yo pral ede asire ke nou rive jwenn diferan moun k ap viv nan kominote nou an.

Kòd postal \_\_\_\_\_ Laj \_\_\_\_\_ Sèks \_\_\_\_\_

#### Ras / Etnisite

- Asyatik
- Nwa oswa Afriken Ameriken
- Blan
- Espanyòl oswa Latino
- Plizy ras oswa ras melanje (Presize pi ba a anba "lòt")
- Ameriken natif natal oswa natif natal Alaska
- Natifnatal Awayi oswa Moun zile Pasifik
- Lòt: \_\_\_\_\_

#### Sitiyasyon Lojman

- Posede kay mwen an
- Lwe kay mwen an
- Ap viv ak fanmi oswa zanmi
- Lojman etidyan
- Sanzabri
- Prefere pa di

N ap pwopoze pou elaji opsyon yo konsènan fason manm kominote yo ka aprann epi pataje fidbak sou pwojè devlopman yo.

#### 1. Ki jan ou ta renmen tande pale sou pwojè devlopman yo pwopoze yo nan katye w la? Chwazi 3 opsyon

- Piblikasyon sou rezo sosyal yo
- Piblisite nan journal
- Piblisite sou estasyon radyo
- Jounen pòt ouvè
- Atravè lapòs
- Aparisyon nan evènman kominotè yo (egzanp mache kiltivatè yo)
- Aparisyon nan lokal kominotè yo (egzanp bibliyotèk)
- Lòt: \_\_\_\_\_

#### 2. Ki jan ou ta renmen pataje opinyon ak fidbak ou konsènan yon pwojè devlopman ki pwopoze? Chwazi 3 opsyon prensipal ou yo

- Pwomnad sou sit pwojè a
- Sondaj kout
- Sondaj detaye
- Kòmantè nan yon reyinyon piblik
- Imel
- Kite yon mesaj vokal
- Mesaj tèks
- Lòt: \_\_\_\_\_

#### 3 Ki wòl anplwaye Vil la ta dwe genyen nan angajman bonè devlopè yo dirije?

- Oditè pasif
- Fasilitatè net
- Defann plan ak priyorite Vil la
- Anplwaye vil la pa ta dwe gen okenn wòl

## Estasyon 2

### Pwopozisyon pou Angajman Bonè

Nou apresye patisipasyon w nan atelye sa a. Tanpri kite fidbak ou sou evènman an pou nou ak fason nou revize pwopozisyon devlopman yo. **Aprè w fin ranpli sondaj la, depoze l nan bwat koleksyon an nan estasyon ki koresponn lan.**

*Fòmilè sa a gen ladan kèk kesyon demografik ki opsyonèl. Li pa obligatwa pou konplete kesyon sa yo. Vil Boston pran angajman pou ekite ak enklizyon, epi enfòmasyon demografik ou bay yo pral ede asire ke nou rive jwenn diferan moun k ap viv nan kominote nou an.*

4. Angajman bonè pou mwen se \_\_\_\_\_.

5. Pa bliye konsènan \_\_\_\_\_.

6. Angajman bonè ki reyisi sanble \_\_\_\_\_.



## Estasyon 3 Estanda ki Konsistan

Nou apresye patisipasyon w nan atelye sa a. Tanpri kite fidbak ou sou evènman an pou nou ak fason nou revize pwopozisyon devlopman yo. **Aprè w fin ranpli sondaj la, depoze l nan bwat koleksyon an nan estasyon ki koresponn lan.**

Fòmilè sa a gen ladan kèk kesyon demografik ki opsyonèl. Li pa obligatwa pou konplete kesyon sa yo. Vil Boston pran angajman pou ekite ak enklizyon, epi enfòmasyon demografik ou bay yo pral ede asire ke nou rive jwenn diferan moun k ap viv nan kominote nou an.

Kòd postal \_\_\_\_\_ Laj \_\_\_\_\_ Sèks \_\_\_\_\_

### Ras / Etnisite

- Asyatik
- Nwa oswa Afriken Ameriken
- Blan
- Espanyòl oswa Latino
- Plizy ras oswa ras melanje (Presize pi ba a anba "lòt")
- Ameriken natif natal oswa natif natal Alaska
- Natifnatal Awayi oswa Moun zile Pasifik
- Lòt

### Sitiyasyon Lojman

- Posede kay mwen an
- Lwe kay mwen an
- Ap viv ak fanmi oswa zanmi
- Lojman etidyan
- Sanzabri
- Prefere pa di

Nou vize pou asire bezwen kominote yo ak objektif planifikasyon yo pi byen sèvi ak devlopman lè nou gen definisyon klè, direktiv, ak kategori ofisyèl yo.

Atizay ak Kilti

Ti Biznis, Devlopman Ekonomik

Konsèvasyon Istorik

Etablisman Kominotè ak Sivik

Lojman

Dirablite, Rezistans

Transpò, Enfrastrikti

Espas Ouvè, Domèn Piblik

### 1. Kiyès nan kategori avantaj Kominotè yo ki pi enpòtan pou ou? Klase soti selon enpòtans (1 - pi enpòtan, 9 - mwens enpòtan)

- |   |  |
|---|--|
| <input type="checkbox"/> Atizay ak Kilti              | <input type="checkbox"/> Transpò ak Enfrastrikti                   |
| <input type="checkbox"/> Ti Biznis/Devlopman Ekonomik | <input type="checkbox"/> Espas Ouvè & Domèn Piblik                 |
| <input type="checkbox"/> Konsèvasyon Istorik          | <input type="checkbox"/> Lojman                                    |
| <input type="checkbox"/> Etablisman Kominotè ak Sivik | <input type="checkbox"/> Finansman pou òganizasyon san bi likratif |
| <input type="checkbox"/> Dirablite ak Rezistans       |  |

### 2. Ki enfòmasyon nou ka itilize pou ede detèmine ki avantaj Kominotè ki pi enpòtan? Chwazi tout sa ki aplike.

- Demann kominotè yo
- Bezwen evalyasyon yo
- Bezwen depatman vil yo pou reyalize pwojè wout, pak, enstalasyon, ak lòt pwojè investisman yo
- Planifikasyon Resan
- Lòt: \_\_\_\_\_



## Estasyon 4 Revizyon Kowòdone

Nou apresye patisipasyon w nan atelye sa a. Tanpri kite fidbak ou sou evènman an pou nou ak fason nou revize pwopozisyon devlopman yo. **Aprè w fin ranpli sondaj la, depoze l nan bwat koleksyon an nan estasyon ki koresponn lan.**

Fòmilè sa a gen ladan kèk kesyon demografik ki opsyonèl. Li pa obligatwa pou konplete kesyon sa yo. Vil Boston pran angajman pou ekite ak enklizyon, epi enfòmasyon demografik ou bay yo pral ede asire ke nou rive jwenn diferan moun k ap viv nan kominote nou an.

Kòd postal \_\_\_\_\_ Laj \_\_\_\_\_ Sèks \_\_\_\_\_

### Ras / Etnisite

- Asyatik
- Nwa oswa Afriken Ameriken
- Blan
- Espanyòl oswa Latino
- Plizy ras oswa ras melanje (Presize pi ba a anba "lòt")
- Ameriken natif natal oswa natif natal Alaska
- Natifnatal Awayi oswa Moun zile Pasifik
- Lòt

### Sitiyasyon Lojman

- Posede kay mwen an
- Lwe kay mwen an
- Ap viv ak fanmi oswa zanmi
- Lojman etidyan
- Sanzabri
- Prefere pa di

### 1. Ki aspè nan yon pwojè devlopman ki pwopoze ou pi enterese pou devlope? Chwazi 3 opsyon prensipal ou yo

- Itilizasyon bilding (egzanp lojman, komèsyal, laboratwa, elatriye)
- Wotè ak Dansite
- Karakteristik konsepsyon yo (egzanp koulè, chwa materyèl, elatriye)
- Limitasyon domaj (egzanp fon lojman abòdab, transpò)
- Avantaj kominotè yo
- Avanse Priyorite Planifikasyon
- Domèn piblik ak espas ouvè
- Lòt: \_\_\_\_\_

### 2. Ki jan ou vle Vil la demontre fason yo te itilize opinyon ou an?

---

---

### 3. Ki jan ou vle aprann sou mizajou pwojè yo? Klase selon priyorite (1 - pi enpòtan, 6 - mwens enpòtan)

- \_\_\_ Paj sit entènèt
- \_\_\_ Imel
- \_\_\_ Mesaj tèks
- \_\_\_ Rele nan nimewo pou koute mesaj pre-anrejistre
- \_\_\_ Reyinyon estil Lameri (City Hall)
- \_\_\_ Lòt: \_\_\_\_\_

## Estasyon 4 Revizyon Kowòdone

Nou apresye patisipasyon w nan atelye sa a. Tanpri kite fidbak ou sou evènman an pou nou ak fason nou revize pwopozisyon devlopman yo. **Aprè w fin ranpli sondaj la, depoze l nan bwat koleksyon an nan estasyon ki koresponn lan.**

*Fòmilè sa a gen ladan kèk kesyon demografik ki opsyonèl. Li pa obligatwa pou konplete kesyon sa yo. Vil Boston pran angajman pou ekite ak enklizyon, epi enfòmasyon demografik ou bay yo pral ede asire ke nou rive jwenn diferan moun k ap viv nan kominote nou an.*

### 4. Ki jan Vil la ta dwe kominike règleman vil yo pandan pwosesis revizyon pwojè piblik la? (egzanp règleman pakin)

---

---